

Peryòd Enskripsyon Espesyal

Èske mwen ka enskri nan yon plan asirans sante Marketplace andeyò Peryòd Enskripsyon Lib la?

Pafwa, ou sibi yon gwo chanjman nan vi w ki chanje tou bezwen ou yo pou pwoteksyon sante—tankou lè ou fè yon timoun, ou chanje djòb oubyen lè ou pèdi asirans sante w lan. Anjeneral, Peryòd Enskripsyon Lib chak ane a, ki kòmanse 1ye novanm chak ane, se sèl moman ou kapab enskri pou yon plan sante atravè Health Insurance Marketplace la (pou egzanp, HealthCare.gov).

Si sikonstans ou yo ta vin chanje pandan ane a, ou gendwa kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal (Special Enrollment Period, SEP) ki kite w aplike pou pwoteksyon Marketplace oswa chanje plan ou genyen a andeyò Enskripsyon Lib la. Ou gendwa kalifye tou pou yon SEP si yon bagay te rive pandan Enskripsyon Lib la ki te anpeche w jwenn bon pwoteksyon a.

Feyè enfòmasyon sa a liste divès evènman ki kapab kalifye w pou yon SEP.

Si ou panse ou gendwa elijib pou yon SEP, oubyen si gen nenpòt chanjman nan revni w, nan kantite moun ki rete nan kay ou, nan adrès oswa nan pwoteksyon sante w lan, ou ta dwa kontakte sipò kliyan Marketplace la pou founi enfòmasyon sa yo rapid jan sa posib. Epitou, rapòte chanjman sa yo nan Pwogram Ryan White VIH/SIDA (RWHAP), paske yo enpakte sèvis RWHAP w ap resevwa yo.



Evènman Lavi ki Kalifye

“Evènman lavi ki kalifye” yo se chanjman nan sikonstans laavi ou yo kifè ou vin elijib pou yon SEP atravè Healthcare.gov¹. Plis pase yon SEP gendwa aplikab nan sitiyasyon w. Nan pifò ka yo, ou gen 60 jou aprè dat yon evènman lavi ki kalifye pou enskri nan yon plan Marketplace oswa pou fè chanjman nan pwoteksyon asirans ou genyen kounye a. Pwoteksyon asirans nan kòmanse anjeneral nan premye jou mwa a apre ou chwazi nouvo plan w lan.

Moun lakay ou chanje paske:

- Ou vin marye
- Ou gen yon tibebe oswa ou adopte yon timoun
- Yo adopte w
- Ou plase yon timoun ann adopsyon oswa nan yon fanmi dakèy
- Ou fèk gen yon nouvo depandan oswa ou vin depandan yon lòt moun, akòz plasman nan fwaye dakèy oswa lòd yon tribinal

Ou pèdi pwoteksyon asirans ou paske:

- Ou pa elijib ankò pou Medicaid oswa pou Children’s Health Insurance Plan (CHIP)²
- Ou pèdi oswa ou demisyone nan djòb ou oubyen yo redwi kantite èdtan travay ou yo
- Pwoteksyon asirans COBRA ou fini
- Ou divòse oswa separe legalman
- Yon moun nan fanmi w mouri
- Yo pa konsidere ou kòm yon “depandan” ankò
- Ou pa elijib ankò pou pwoteksyon asirans sou plan yon paran paske ou vin gen 26 lane
- Ou pa elijib ankò pou yon plan sante pou etidyan
- Plan sante w pa disponib ankò

Ou pèdi oswa ou pa kapab peye pwoteksyon asirans sanye anplwayè a esponsnòrizasyon paske:

- Anplwayè w sispann kontribye nan asirans COBRA w
- Plan sante anplwayè w pa satisfè ankò estanda “[bon mache](#)” ak “[valè minimòm](#)” yo
- Revni fwaye kay ou³ vin chanje

¹ Eta yo ki gen Marketplace ki baze nan Eta a gendwa gen evènman lavi ki kalifye anplis ki pa liste nan fèy enfòmasyon sa a.

² Kliyan yo ki deklare yo pèdi Medicaid oswa CHIP ant 31 mas 2023 ak 31 jiyè 2024 elijib pou enskri nan yon plan Marketplace nenpòt kilè pandan peryòd sa a. Koumanse ye janvyè 2024, SEP pou moun ki pèdi Medicaid oswa CHIP disponib 60 jou epi 90 aprè ou pèdi asirans la.

³ Manm fanmi anplwayè a gendwa elijib pou yon SEP si pri asirans fanmi a depase limit “bon mache” a, menmsi yo kontinye konsidere asirans anplwayè a “bon mache”.

Ou jwenn aksè nan nouvo plan Marketplace yo poutèt yon chanjman nan kote w ap viv la, tankou:

- Ale abite nan yon nouvo zòn nan menm vil, Konte oswa Eta a
- Ale abite nan yon lòt Eta
- Deplase pou yon djòb sezonye
- Deplase ale oswa soti de Eta kote ou abite epi frekante lekòl
- Deplase ak paran ou(yo) oubyen lòt fanmi antanke depandan (REMAK: Ou pa bezwen depandan taks)
- Deplase antre owa kite yon chètè oswa lòt lojman tranzisyonèl

Elijibilite w pou èd finansyèl atravè Marketplace la chanje paske:

- Ou vin kòmanse elijib oswa pa elijib pou Kredi Taks Prim Avanse (Advance Premium Tax Credits, APTC) yo akòz yon chanjman nan kantite moun lakay ou oswa yon chanjman nan revni w
- Ou vin elijib dènyèman pou Rediksyon Pataj Depans (Cost-Sharing Reductions, CSR) yo oubyen ou vin elijib pou yon lòt nivo CSR, poutèt yon chanjman nan kantite moun lakay ou oswa chanjman nan revni w
- Ou soti nan “eka pwoteksyon Medicaid” la
- Ou akèri oswa ou kenbe estati w antanke manm yon tripi Endyen Ameriken ki akredite federalman oswa yon aksyonè natifnatal Alaska ki benefisyè Iwa Alaska Native Claims Settlement Act Corporation
- Revni w rive nan nivo oswa anba 150% FPL epi ou elijib pou APTC yo (pandan tout ane plan 2025 la)

PERYÒD ENSKRIPSYON ESPESYAL

Ou kòmanse vin elijib pou enskri nan Marketplace la poutèt:

- Ou vin gen yon estati imigrasyon “[prezan legalman](#)”
- Yo lage wnan prizon

Yon bagay te anpeche w enskri nan bon plan an:

- Yon sikonstans eksepsyonèl, tankou yon pwoblèm medikal grav oswa yon dezans FEMA deklare, te anpeche w enskri.
- Ou te viktim abi nan kay, vyolans nan kay oswa mari/madanm ou te abandone w, epi kounye a ou vle enskri nan pwòp plan sante apa w de moun ki t ap abize w oswa de mari/madanm ou
- Ou aplike pou Medicaid oswa CHIP pandan Enskripsyon Lib la oswa pandan yon SEP epi ajans Medicaid oswa CHIP Eta w detèmine ou pa t elijib apre peryòd enskripsyon an te fini
- Yon erè teknik oswa lòt pwoblèm ki gen pou wè ak Marketplace te anpeche ou te enskri san reta nan plan ou te vle a (pou egzanp, ou te enskri nan move plan an; ou te resevwa move enfòmasyon nan men Marketplace la, yon kourtye oswa yon asistan enskripsyon; wèbsayt Marketplace la te gen move enfòmasyon sou benefis plan an, rezo a oswa pri yo)
- Marketplace la te kanpe asirans ou poutèt ou te manke yon dat pou soumèt plis dokiman pou verifye si ou elijib, men ou finalman soumèt dokiman yo apre dat limit la fin apse epi yo deside ou elijib

Lòt sitiyasyon:

- Plan Marketplace ou pa t respekte ditou kontra l genyen avèk ou. Si ou panse plan sante w pa t respekte kondisyon kontra w lan, kontakte Sant Apèl Marketplace la pou wèsi ou kalifye pou enskri nan yon lòt plan sante
- Ou gen vikwa pou yon kontestasyon Marketplace paske ou te resevwa yon desizyon sou elijibilite ki pa t kòrèk oswa yon dat mizanplas pwoteksyon asirans lan ki pa t kòrèk

Ou p ap jwenn yon SEP si:

- Ou te anile volontèman lòt asirans la (ak sèten eksepsyon, tankou demisyone nan yon djòb)
- Ou pèdi asirans ou paske ou pa t peye prim asirans sante chak mwa ou a lè
- Ou te fè fwòd asirans sou aplikasyon w

SEP yo ki liste isit aplikab nan Eta ki itilize Healthcare.gov. Eta ki itilize pwòp Marketplace pa yo ki baze nan Eta gendwa gen plis SEP toujou.

Ale nan www.healthcare.gov/marketplace-in-your-state oswa tcheke opre yon asistan enskripsyon oswa yon manadjè dosye RWHAP pou jwenn plis enfòmasyon.

Moun ki enskri nan Marketplace la kounye a ki kalifye pou yon SEP epi ki vle chanje plan gendwa oblije chwazi yon plan nan menm nivo meto ak plan yo genyen kounye a. Pou egzanp, si ou deja enskri nan yon plan Lò (Gold), ou ka limite pou chwazi yon lòt plan Lò jiska pwochen peyòd Enskripsyon Lib la.

Sèten senaryo konplèks, tankou sa ki poutèt sikonstans ekspesyonèl oswa erè nan afichaj plan an, pa limite kapasite w pou w chwazi yon nouvo plan pandan yon SEP.





Sant TA Aksè, Swen ak Angajman (Access, Care, and Engagement, ACE) eseye ede benefisyè ak sou-benefisyè Pwogram VIH/SIDA Ryan White yo sipòte kliyan yo, espesyalman moun de koulè yo, pou jwenn wout yo nan anviwònman swen sante a gras ak enskripsyon nan asirans sante epi ede yo konprann pi byen kesyon sante yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan: www.targethiv.org/ACE.



Se JSI Research & Training Institute, Inc. ki te pare dokiman sa a epi Resous Sante ak Administrasyon Sèvis (Health Resources and Services Administration – HRSA) ki nan Depatman Sante ak Sèvis Imen (HHS) te bay asistans li selon Sibvansyon #U69HA30143: Fasilite Swen ki San Rete: Ranfòse Kapasite Benefisyè Pwogram Ryan White pou Enskri Kliyan Elijib nan Pwogram Swen Sante ki Bon Mache. Enfòmasyon oswa kontni ak konklizyon yo se otè an sèlman ki responsab yo epi yo pa dwe entèprete yo tankou pozisyon ofisyèl oswa politik HRSA, ni pèsòn pa ta dwe sipoze HRSA oswa Gouvènman Etazini dakò avèk yo.